

Gid Kominote nan
Avantaj Piblik HRA
pou **Immigrants**

NYC

Bill de Blasio
Mayor

**Human Resources
Administration**
Department of
Social Services

Steven Banks
Commissioner



NYCHRA



HRA NYC

BRC-947(D)

© Dwa-dotè 2015, Minisipalite Vil New York, Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal.

Pou jwenn pèmisyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn vil New York.



Pou jwenn plis enfòmasyon

ou ka kontakte resous ki anba la yo:

- **Sitwèb HRA:** www.nyc.gov/hra
- **Liy Dirèk Enfòmasyon HRA:** 718-557-1399
- **NYC 311**
- **ACCESS NYC:** www.nyc.gov/ACCESSNYC
(evalyasyon ak aplikasyon pou avantaj yo – Disponib nan lang Angle, Panyòl, Ris, Chinwa, Arab, Kreyòl Ayisyen, ak Koreyen)
- **Pòt ki Louvri pou Lang:** <http://www.nyc.gov/html/ig/html/home/home.shtml> (enfòmasyon sou pwogram Vil New York nan lang Angle, Panyòl, Chinwa, ak Ris)
- **Liy Dirèk Enfòmasyon sou Imigrasyon Eta New York:** 212-419-3737

Ranfòsman Sipò Timoun

Asire paran ki pa gen lagad timoun yo (paran ki pa gen timoun nan lakay li) peye lajan pou sipòte pitit yo. Sèvis yo gen ladan jwenn paran ki pa gen lagad timoun nan, bay li yon avi legal pou li vini nan tribinal, ede detèmine kimoun ki papa timoun nan, lòd pou peye sipò timoun ak sipò medikal timoun nan Tribinal ki okipe Zafè Fanmi, ak rekouvremant lajan ak egzekisyon lòd sa yo. Pwogram rediksyon povrete kapab ede fè fanmi yo toujou endepandan sou plan finansye, ak diminye bezwen yo pou lòt asistans.

Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay ak Pwogram Asistans pou Sèvis Piblik

Ede pwopriyete kay ak lokatè ki pa touche ase revni peye bòdwo pou gaz chofaj, ekipman ak reparasyon. Ede fanmi yo oswa moun ki se granmoun aje, moun ki avèg, moun ki andikape, moun ki gen andikap mantal oswa moun k ap viv nan yon anviwònman ki neglije oswa danjere epi ki bezwen asistans finansye pou bòdwo enèji yo.

Asistans pou Antèman

HRA ka bay jiska \$900 nan asistans finansye pou sitwayen Vil New York pou ede yo avèk depans pou yon antèman ki pa koute plis pase \$1700. Kantite lajan sa a gen ladan antèman sann yo apre ensinerasyon.

Kondisyon pou Kalifye

- Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken/gen kondisyon imigrasyon pou kalifye.
- Pa gen kondisyon revni pou kalifye.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311, Liy Dirèk Enfòmasyon HRA nan 718-557-1399, oswa rele Liy Dirèk Sipò Timoun Eta New York nan 1-888-208-4485, oswa ale sou Entènèt nan adrès: www.nyc.gov/hra and www.newyorkchildsupport.com

- Sitwayen ameriken yo oswa moun ki gen sèten kondisyon imigrasyon ka kalifye.
- Kalifikasyon an baze anpati revni.
- Liy Dirèk Enfòmasyon HEAP nan 1-800-692-0557.
- LIY HEAT (Sèvis pou moun ki oblije rete nan kay) nan 212-331-3150.
- Pou Asistans pou Sèvis Piblik: Konpayi sèvis piblik yo bay rekòmandasyon pou tout kliyan yo.

- Yo detèmine kalifikasyon an pou chak moun apa, epitou kalifikasyon an baze sou anpil faktè diferan.
- Ou dwe soumèt tout demann yo 60 jou ki vini apre lanmò moun nan. Yon entèvyou fas-a-fas obligatwa souvan.
- Rele Inite Demann Antèman HRA pou jwenn lòt enfòmasyon: 718-473-8310.

Ki sèvis ki disponib

pou sitwayen New York yo kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo?

Anpil imigran ki nan Vil New York pa kapab itilize plizyè kalite sèvis yo. Lis ki anba la a gen ladan sèvis ki disponib pou sitwayen Vil New York yo kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo. HRA bay kèk nan sèvis yo; epi li pa bay lòt yo. Ka gen lòt sèvis tou ki disponib pou imigran yo, epi ki pa nan tiliv sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ki anba la yo, rele 311.

Sekirite ak Byennèt

- Lapolis ak ponpye
- Liy dirèk pou kontwòl pwazon
- Pwoteksyon kont fwod sou konsomatè nan Depatman Afè Konsomatè
- Pwoteksyon Komisyon Dwa Moun kont diskriminasyon
- Depatman sèvis ak sant Pak ak Lwazi
- Sèvis Transpò Piblik

Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal

- Timoun ki poko genyen 19 ane kalifye pou asirans sante nan pwogram Child Health Plus Eta a
- Adilt yo ka kalifye pou pwoteksyon asirans pou tretman kondisyon medikal annijans nan pwogram Medicaid
- Swen medikal annijans, tankou sèvis anbilans

- Swen anvan akouchman pou fanm ansent nan pwogram Medicaid
- Fanm ki te resevwa Medicaid pou swen anvan akouchman yo kapab resevwa sèvis planin gratis apre akouchman yo nan Pwogram Pwolongasyon Planin Fanmi
- Swen sante disponib nan lopital piblik yo (NYC's Health and Hospital Corporation, oswa HHC) ak sant sante kominotè ki kalifye pou pwogram federal
- Sèvis sipò pou moun ki viktim vyolans nan kay
- Iminizasyon
- Tès VIH ak konsèy pou VIH
- Abri pou ijans
- Sèvis asistans manje
- Sèvis asistans sosyal ak plasman timoun nan adopsyon
- Pwogram manje maten ak manje midi nan lekòl
- Sèvis pou granmoun aje ak pwogram nan sant pou granmoun aje nan Depatman pou Granmoun Aje

Edikasyon

- Edikasyon nan lekòl leta
- Sèvis nan bibliyotèk piblik ak evènman espesyal

Kesyon moun poze souvan

sou sèvis HRA ki disponib pou kliyan imigran yo

Kijan mwen kapab aplike pou sèvis Vil la si mwen pa pale lang Angle byen?

Gen sèvis entèpretasyon gratis ki disponib nan tout ajans Vil la, tankou HRA. Lwa federal, lwa eta, ak lwa lokal yo pwoteje dwa ou pou resevwa sèvis yo menmsi ou pa pale lang Angle byen. Man kalite sèvis lang ki gratis yo: (1) sèvis entèpretasyon nan telefòn disponib nan biwo HRA yo nan plis pase 170 lang. (2) Anplwaye ki pale de lang yo ka entèprete lè li posib. (3) Yo kapab voye entèprèt fas-a-fas ba kliyan ki pa kapab sòti lakay yo. (4) Dokiman ki tradui: Anpil dokiman Vil la tradui nan sis (6) lang (Arab, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, ak Panyòl), jan Lwa Lokal 73 la egzije sa.

Èske HRA ap divilge enfòmasyon pèsonèl mwen ba otorite imigrasyon yo?

HRA p ap divilge enfòmasyon pèsonèl ou yo ba okenn moun, sof si lalwa egzije sa. Dekrè Egzekitif 41 Vil New York pwoteje sekre enfòmasyon nenpòt moun k ap chèche resevwa sèvis Vil la. Anplwaye HRA yo ap sèman mande ou enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon ou si li lalwa egzije pou yo detèmine si ou kalifye oswa si lalwa pa egzije sa.

Si m ap resevwa asistans lajan kach pou yon tan (temporary cash assistance), èske sa ap afekte dosye imigrasyon mwen*?

Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini (USCIS) di

** HRA se pa Ajans ki deside si lè w ap resevwa avantaj yo sa ap afekte dosye imigrasyon ou; se USCIS ki pran desizyon sou sa. HRA te kòmande moun ki pa sitwayen ameriken yo pou yo pale avèk yon avoka pou yo ka konprann kijan lè yo resevwa avantaj piblik sa ka afekte dosye imigrasyon yo.*

konsa si w ap resevwa asistans lajan kach oswa SSI sa ka gen yon konsekans negatif sou dosye imigrasyon ou, oswa sa ka pa gen yon konsekans negatif sou li. Sa depannde sityasyon ou.

Si m ap resevwa kupon pou achte manje (food stamps), èske sa ap afekte dosye imigrasyon mwen*?

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) di konsa si w ap resevwa kupon pou achte manje oswa lòt èd manje sa p ap afekte dosye imigrasyon ou.

Si m ap resevwa Medicaid, èske sa ap afekte dosye imigrasyon mwen*?

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) di konsa si w ap resevwa avantaj swen sante, tankou Medicaid, sa p ap afekte dosye imigrasyon ou. USCIS di konsa si w ap resevwa swen pandan lontan nan yon mezon retrèt oswa nan yon lòt enstitisyon, sa ka afekte dosye imigrasyon ou, oswa sa ka pa afekte li; sa depannde sityasyon ou.

Si ou pa gen papyè imigrasyon, èske ou toujou kapab aplike pou avantaj yo pou pitit ou ki se sitwayen ameriken oswa ki pa sitwayen ameriken epi ki ka kalifye?

Wi.

Sèvis Sipò pou Moun ki Viktim Vyolans nan Kay

Kondisyon pou Kalifye

Bayabri annijans ak sipò pou moun ki viktim vyolans nan kay ak pou pitit yo. Tout pwogram yo bay yon bon anviwònman ak konsèy, sipò ak sèvis rekòmandasyon.



- Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken/gen kondisyon imigrasyon pou kalifye.
- Si oumenm oswa yon moun ou konnen viktim vyolans nan kay, tankou vyolans fizik, vyolans seksyèl, menas, abi vèbal, oswa asèlman, tanpri rele Liy Dirèk Vil New York pou Vyolans nan Kay 24 èdtan pa jou: 1-800-621-HOPE, oswa rele 311.

Sèvis pou Pwoteksyon Adilt

Fè aranjman pou sèvis ak sipò pou adilt ki gen andikap fizik ak/oswa andikap mantal epi ki nan risk pou viktim. Ede rezoud risk kliyan kalifye yo jwenn, epitou li pèmèt yo viv yon fason endepandan ak an sekirite lakay yo ak nan kominote yo.



- Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken/gen kondisyon imigrasyon pou kalifye pou sèten sèvis.
- Ou dwe gen omwen laj 18 tan, epitou ou dwe gen andikap mantal ak/oswa andikap fizik.
- Ou dwe pa kapab jere pwòp resous ou yo; ou dwe pa kapab fè aktivite ou chak jou; oswa ou pa kapab pwoteje tèt ou kont abi, neglijan, eksplwatasyon oswa lòt sityasyon danjere san asistans.
- Ou pa dwe gen moun ki vle ak kapab ede ou yon fason ki responsab.
- Pa gen kondisyon revni pou kalifye.
- Pou fè yon rekòmandasyon nan APS pou tèt oswa pou yon lòt moun, tanpri rele Inite Santral Admisyon APS nan 212-630-1853.

Swen nan Kay

Ofri aksè nan pwogram swen pandan lontan Medicaid finanse pou ede granmoun aje ki kalifye yo oswa moun ki andikape yo rete lakay yo san pwoblèm, olye yo rete nan yon mezon retrèt oswa nan lòt enstitisyon.



Sèvis pou VIH/SIDA

Kliyan Administrasyon Sèvis pou VIH/SIDA (HASA) resevwa jesyon ka san pran souf ak vizit nan kay ak nan lopital; planifikasyon sèvis ki adapte pou chak kliyan; koneksyon nan asistans lajan kach, Medicaid, kupon pou achte manje ak èd pou aplike pou avantaj SSI/SSD; lojman annijans, lojman pwovizwa, lojman ki pa annijans ak èd pou peye lwaye; sèvis swen nan kay ak sèvis antretyen kay; sèvis travay ak sèvis pwofesyonèl; enfòmasyon ak rekòmandasyon pou ajans kominotè; konsèy pou kliyan ak fanmi yo sou ladrès pou viv chak jou, ak sistèm sipò ki disponib; planifikasyon pou lagad timoun ak pou jwenn djòb pandan lontan pou fanmi ki gen pitit; ak asistans pou antèman.

Kondisyon pou Kalifye

- Sitwayen ameriken yo oswa moun ki gen sèten kondisyon imigrasyon ka kalifye.
- Dwe kalifye pou Medicaid.
- Kèk pwogram konsidere resous disponib ou yo tou.
- Kalifikasyon pou swen nan kay ki finanse nan Medicaid diferan selon pwogram nan, epitou li baze sou rekòmandasyon doktè a, ak sou yon evalyasyon medikal ak sosyal.
- Rele 311 oswa Lij Enfòmasyon HRA nan nimewo 718-557-1399.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, oswa pou jwenn yon fòm aplikasyon, ale sou Entènèt nan adrès: www.nyc.gov/hra

- Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken/gen kondisyon imigrasyon pou kalifye pou sèten sèvis.
- Yo dwe dekouvri ou gen maladi VIH avèk sentòm jan New York State AIDS Institute defini sa, oswa yo dwe dekouvri ou gen SIDA jan Centers for Disease Control and Prevention (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) defini sa, epitou ou dwe bay dokiman medikal pou verifye kondisyon VIH/SIDA ou.
- Rele Lij Sèvis HASA nan 212-971-0626 (Lendi-Vandredi ant 9am ak 5pm).
- Pou jwenn fòm aplikasyon pou pwogram sa a, ale sou Entènèt nan adrès: www.nyc.gov/hra

Pwogram, Sèvis, ak Avantaj

nan Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal

Nòt: Tèm “sèten kondisyon imigrasyon” gen ladan anpil kalite kondisyon imigrasyon diferan. Nouyòkè yo ta dwe kontakte chak pwogram apa nan nimewo yo jwenn yo pou konnen si yo kalifye.

Asistans lajan kach pou yon ti tan

Yon sibvansyon an lajan kach ki gen ladan lajan pou peye lojman, pou peye sèvis enèji, ak pou fè lòt depans. Adilt ki poko gen laj 60 ane, ki pa gen andikap oswa lòt anpèchman pou travay, epi k ap resevwa asistans lajan kach pou yon ti tan, dwe swa ap travay, oswa yo dwe antre nan aktivite travay HRA apwouve pou 35 èdtan pa semèn.

Kondisyon pou Kalifye

- Sitwayen ameriken yo oswa moun ki gen sèten kondisyon imigrasyon ka kalifye.
- Kalifikasyon an baze anpati sou: revni ou, resous ou yo, ak kantite moun k ap viv avèk ou.
- Nan anpil ka, kliyan k ap resevwa asistans lajan kach pou yon ti tan dwe swa ap travay, oswa yo dwe antre nan aktivite travay HRA apwouve, tankou yon fòmasyon pou jwenn djòb ak yon edikasyon. Fanmi ki kalifye yo dwe ap resevwa sèvis sipò tou tankou gadri.
- Pou jwenn yon Sant Travay ki pi pre ou: www.nyc.gov/hra
- Rele 311 oswa liy dirèk enfòmasyon HRA nan 718-557-1399.

Koupon pou Achte Manje / Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman

Ede Nouyòkè ki pa touche ase revni oswa ki touche yon revni modere, tankou fanmi k ap travay yo, granmoun aje yo, ak moun ki andikape yo achte manje ki bon pou sante yo epi ki fòtifyan, menmsi yo touche lajan, posede yon kay, posede yon vwati, gen yon kont labank, oswa gen asirans sante prive. Moun k ap resevwa kupon pou achte manje yo itilize yon kat Transfè Elektwonik Avantaj (EBT) pou achte manje a.



- Sitwayen ameriken yo oswa moun ki gen sèten kondisyon imigrasyon ka kalifye.
 - Kalifikasyon an ak avantaj yo baze anpati sou: revni ou, depans ou yo, ak kantite moun k ap viv avèk ou.
 - Tcheke si ou ka kalifye, epitou aplike nan Entènèt: <http://www.nyc.gov/ACCESSNYC>, oswa www.my-benefits.ny.gov
- Ou kapab voye aplikasyon kupon pou achte manje ou pa lapòs tou:
- Mail Application & Referral Unit (MARU),
P.O. Box 24510, Brooklyn, NY 11201.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou Koupon pou Achte Manje, rele 311 oswa 1-800-342-3009 (epi peze “1” pou kupon pou achte manje).
 - Pran yon aplikasyon nan Entènèt: www.nyc.gov/hra

Pwogram Manje pou Ijans (Bank Manje)

Plis pase 500 bank manje nan Vil New York ofri sache manje, epitou soup popilè yo ofri repara ki prepare.

Pwogram Asirans Sante Leta

Moun ak fanmi ki pa touche ase lajan yo, fanm ansent yo, timoun yo, moun ki gen plis pase laj 65 ane ak moun ki andikape yo ka kalifye, menmsi yo pa touche lajan, posede yon kay, posede yon vwati, gen yon kont labank, oswa gen asirans sante prive. Moun ak fanmi k ap resevwa SSI kalifye otomatikman. Moun k ap resevwa asistans lajan kach kalifye tou.

Medicaid. Asirans sante gratis pou moun ki gen nenpòt laj.

Family Health Plus (FHPlus). Asirans sante gratis pou moun ki gen laj 19-64 ane ki pa gen asirans sante, epi ki gen revni ki twòp pou yo resevwa Medicaid.

Child Health Plus. Gratis nan asirans ki pa chè pou timoun ki poko gen laj 19 ane.



Kondisyon pou Kalifye

- Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken/gen kondisyon imigrasyon pou kalifye.
- Bank manje yo ka gen kondisyon pa yo.
- Pou jwenn yon bank manje oswa yon soup popilè ki nan zòn ou, tanpri rele 311.
- Pou konnen kijan pou aplike pou asirans sante piblik, rele 311 oswa Liy Dirèk Enfòmasyon HRA nan nimewo 718-557-1399, oswa pou tcheke si ou ka kalifye, ale sou Entènèt nan adrès www.nyc.gov/ACCESSNYC
- Sitwayen ameriken yo oswa moun ki gen sèten kondisyon imigrasyon ka kalifye.
- Adilt selibatè, fanm ak gason ki ansanm, fanmi ki gen timoun, ak timoun yo ka kalifye.
- Kalifikasyon an baze sou revni ak sou resous pou moun ki andikape, ki gen plis pase laj 65 ane, oswa ki avèg.
- * Aplikan ki pa gen papye imigrasyon ka kalifye pou Medicaid pou trete yon kondisyon medikal annijans ak pou swen anvan akouchman.
- Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken/gen kondisyon imigrasyon pou kalifye.
- Timoun ki poko gen laj 19 ane.
- Selon revni yon fanmi, Child Health Plus gratis pou kèk fanmi, epi lòt fanmi yo gen pou peye yon ti prim chak mwa. Fanmi ki touche pi gwo revni yo kapab achte pwoteksyon asirans pou pitit yo nan tout nivo prim nan.

Prenatal Care for Pregnant Women through Medicaid. Asirans sante gratis pou moun ki gen nenpòt laj. Ofri sèvis swen gratis pou fanm ansent ak lòt sèvis sante pou fanm yo ak adolesan yo. Nan Sèvis Swen Anvan Akouchman, fanm ansent yo resevwa sèvis swen sante anvan akouchman, tankou tès laboratwa, tès VIH, evalyasyon pou nitrisyon, ak lòt sèvis ki asosye avèk gwosès yo ak akouchman yo.

Family Planning Benefit Program. Asirans sante gratis pou gason ak fanm ki gen laj pou fè pitit. Ofri gason ak fanm yo sèvis planin familyal pou gratis. FPBP garanti depistaj pou maladi ki simaye nan fè bagay, VIH ak kansè matris, egzamen klinik ak tès laboratwa asosye, sèvis metòd kontraseptif, aparèy, ak ekipman ki asosye avèk sante repwodiktif.

Medicare Savings Program (MSP)

Ede moun k ap resevwa Medicare (akòz laj oswa andikap) avèk peman pou prim Medicare yo chak mwa, kopeman, ak/oswa franchiz.



Kondisyon pou Kalifye

- Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken/gen kondisyon imigrasyon pou kalifye.
- Kalifikasyon an baze anpati revni.
- Sitwayen ameriken yo ak moun ki gen sèten kondisyon imigrasyon ka kalifye.
- Kalifikasyon an baze anpati revni.
- Sitwayen ameriken yo oswa moun ki gen sèten kondisyon imigrasyon ka kalifye.
- Kalifikasyon an baze anpati revni.
- Moun ki aplike yo dwe kalifye pou resevwa Medicare, oswa yo dwe ap resevwa Medicare.
- Pou konnen kijan pou aplike, rele 311 oswa Liy Dirèk Enfòmasyon HRA nan 718-557-1399, oswa ale sou Entènèt nan adrès zouti www.nyc.gov/ACCESSNYC, oswa nan adrès www.nyc.gov/ACCESSNYC